



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/15/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKSYON KOWÓDONE POU KONBAT MINÈ YO KAP
BWÈ ALKÒL AK FO IDANTITE NAN KONSÈ ETE YO**

*Ajans yo nan eta fè patenarya avèk lapolis pou anpeche itilizasyon fo
idantifikasyon sa yo pou achte alkòl*

Kliyan minè yo sijè a arestasyon e yo ka revoke lisans yo pou omwen 90 jou

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman yon aksyon kowòdone pandan konsè ete yo ak nan lòt espas pou minè nan kad efò ankou pou detekte minè yo kap itilize alkòl epi anpeche itilizasyon fo Idantifikasyon. Ranfòsman an pral fèt san anonse nan diferan lokal konsè ak plas kote jèn moun adilt yo rasanble nan eta, e li pral fèt toupatou nan eta, e Divizyon [Depatman Motè Veyikil](#) ap pran chaj, Divizyon Envestigasyon sou teren an patenarya avèk [State Liquor Authority](#), [New York State Park](#) Police, [Lapolis Eta New York](#), ansanm avèk ajans ranfòsman lapolis lokal yo.

“Minè kap bwè alkòl ak move desizyon ki vini apre ka devastatè ak boulvèsan pou jèn moun yo,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk rediksyon sa, nap non sèlman voye mesaj ke nou pap tolere konpòtman sa nan Eta New York, men nap pran tou etap pou anpeche trajedi ki kapab evite.”

Rediksyon ete a fè pati nan operasyon anpeche, yon inisyativ DMV te kondwi pandan tout ane a ki vize non sèlman konsè, men ba ak etablisman yo bwè bwason yo, aktivite, ansanm avèk lòt lokal pou minè. Pandan yon operasyon Prevent sting, anketè yo nan eta te travay avèk State Liquor Authority ansanm avèk antite lapolis yo pou tcheke dokiman idantifikasyon yo. Minè yo ke yo jwenn ki anba laj 21 ane kap itilize fo idantifikasyon oswa dokiman avèk entansyon pou achte alkòl ka jwenn arestasyon epi yap revoke lisans yo pou yon minimòm 90 jou oswa jiska yon lane.

Ane pase, Gouvènè Cuomo te anonse yon [represyon nan tout eta](#) menm jan, sa ki te fèt nan lokal konsè yo ki gen ladan Sant Pèfòmans art Saratoga (SPAC), Darien Lake Performing Arts Center nan Konte Genesee, ak CMAC nan Canandaigua. Ane sa, Operasyon Prevent pral elaji nan lokal adisyonèl, enkli Nikon nan Teyat Jones Beach (Jones Beach State Park) sou Long Island.

“Twò souvan, viktim inosan yo pèdi lavi yo e rèv fanmi yo brize akòz de minè kap bwè yo,” **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul.** “Anba operasyon Prevent, Eta New

York ap entansifye efò yo pou detekte minè kap bwè alkòl yo epi anpeche itilizasyon fo idantifikasyon. An nou pwofite de amizman nivo mondyal ansanm avèk tout sa Eta sa gen pou ofri epi pou ale lakay yo ansekirite.”

Komisyonè Egzekitif Adjwen DMV Terri Egan te deklare, “Lè nou anonse alavans de sezon konsè ete ke DMV, SLA, ansanm avèk lapolis pral tcheke idantifikasyon nan lokal konsè ete yo, nou espere dekouraje jèn moun yo sou menm panse pou jwenn yon fo idantifikasyon epi itilize l pou achte alkòl. Esansyèl la, itilizasyon fo dokiman pa vo sa tou senpleman. Non sèlman ou riske pou yo arete w, men ou ka pèdi lisans ou pou 90 jou. Sa a se yon peryòd long, patikilyèman pandan mwa ete yo. Mwen remèsye patnè nou yo nan SLA, New York State Parks, ansanm avèk ajans lapolis nan tout eta paske yo te ede nou pote inisyativ enpòtan sa.”

Lapolis Park Eta New York pral kontinye yon efò kowòdone pou diminye sou aktivite ilegal ki gen rapò avèk alkòl nan ak ozalantou Saratoga Spa State Park pandan yon seri konsè andirèk nan Sant Pèfòmans Art 2016 ansanm avèk seri konsè ete nan Jones Beach. Anplis de DMV, State Liquor Authority, ak ofisye lapolis ap itilize ekipman pou detekte fo idantifikasyon, ofisye lapolis an inifòm ak sivil pral:

- Patwouy nan teren park la, zòn pakin, ansanm avèk lokal konsè yo epi fè arestasyon ki nesèsè, bay kontravansyon, sezi veyikil, konfiske epi jete bwason alkòl, ak mete deyò vyolatè yo nan park ak nan lokal konsè a.
- Itilize aparèy depistaj alkòl pasif (Alco-Sensor FSTs) pou detekte alkòl nan kontenè ki pa make.
- Kontwole wout ansanm avèk pwen dantre yo pou kontwole otomobilis yo pou posasyon bwason alkolize ak kondwit ansanm avèk kapasite ki afebli. Yo pral arete chofè ki sou enfliyans alkòl ki afebli yo e yo ka sezi veyikil yo.

Andedan lokal SPAC ak Jones Beach, yon braslè obligatwa pou achte alkòl. Braslè yo ap disponib lè ou montre idantifikasyon legal nan youn nan estasyon idantifikasyon yo ki etabli andedan etablisman an. Anketè yo ki soti nan DMV ak State Liquor Authority pral itilize tou machin verifikasyon dokiman pòtab sa kap pèmèt yo fè egzaminasyon medikal-legal dokiman sispèk nan teren an pandan yap itilize limyè blan, limyè UV, ansanm avèk sous limyè enfra-wouj.

Chèf Lapolis State Park David Herrick te deklare, “Lapolis New York State Park pa ka tann pou l travay avèk patnè lapolis nou yo pou asire ke vizitè yo nan etablisman konsè State Park yo pwofite de yon eksperyans ki ansekirite pandan ete sa a. Nou pa pral tolere moun yo kap konpwomèt sekirite piblik avèk minè yo kap bwè alkòl, kondwi pandan yo entoksike ak itilizasyon ansanm avèk posasyon dwòg ilegal.”

Operation Prevent DMV jwenn sipò [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè](#), ki kowòdone aktivite sekirite sikilasyon nan eta epi bay fon sibvansyon sekirite otowout a ajans non-pwofi eta, ak lokal pou pwojè yo kap amelyore sekirite otowout epi redwi ka lanmò a blesi grav akòz de aksidan. Gouvènè Cuomo te [anonse](#) nan mwa Janvye ke efò Operation nan 2015 sa ki te lakoz nan preske 760 arestasyon ak sezi plis pase 750 fo dokiman idantifikasyon. DMV ap travay etwatman avèk State Liquor Authority, te fè kat

operasyon konjwen nan 2015, de ladan yo te lakoz nan revokasyon lisans etablisman likè yo.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, State Liquor Authority anplis, te konsiderableman entansifye aksyon lapolis pou diminye lavant minè yo pou bay edikasyon a moun ki gen lisans yo sou responsabilite yo. Pouswit State Liquor Authority te ogmante a 1,552 vyolasyon nan 2015, yon ogmantasyon 50 pousan apati 1,036 vyolasyon nan 2010. State Liquor Authority te ogmante tou kantite fòmasyon yo pou redwi lavant a minè yo epi ede moun ki gen lisans yo evite vyolasyon anvan yo rive nan sètifye epi pwomote Pwogram Sansibilizasyon Fòmasyon Alkòl ak pwomosyon. Kantite fòmasyon ki te fèt pa moun ki gen lisans ak anplwaye yo te ogmante pa preske twa fwa, apati 5,014 nan 2010, jiska 14,549 nan 2015.

Prezidan New York State Liquor Authority Vincent G. Bradley, te deklare, “Retire alkòl nan men yon minè se yon gwo priyorite nan New York State Liquor Authority. Nou rete angaje pou n travay pwo-aktivman delavan avèk patnè nou yo nan DMV, lapolis lokal ak Park yo pou asire ke yo vann adilt sèlman alkòl nan fason responsab.”

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou DMV, [klike la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418